# Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм агротехнологиялар институты шөлкемлестириледи

Image not found or type unknown

**«Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм агротехнологиялар институтын шөлкемлестириў илажлары ҳаққында» Ҳүкимет қарары қабыл етилди.**

Қарарға муўапық, Институт 2021/2022-оқыў жылынан Ташкент мәмлекетлик аграр университетиниң Нөкис филиалы негизинде шөлкемлестириледи.

Институтта билимлендириўдиң кредит-модуль системасы енгизиледи, сондай-ақ, ҳәптеде бес күнлик оқыў җәне ҳәптениң шемби күни еркин өзлестириў күни деп белгиленеди.

2022/2023-оқыў жылынан Институт структурасында Германия халықаралық бирге ислесиў шөлкеми менен биргеликте «Геомәлимлеме системалары» орайы ҳәм лабораториясы шөлкемлестириледи.

Сондай-ақ, Институт жанында мәмлекетлик мәкеме түриндеги «Майлы егинлер селекциясы, туқымгершилиги ҳәм жетистириў агротехнологиялары» оқыў-илимий орайының жумысы жолға қойылады.

Институтқа сырт елден ҳәм республиканың басқа да аймақларынан жумысқа мирәт етилген қәнигелерге Нөкис қаласында қурылып атырған арзан турақ жайлар жеңиллетилген шәртлер тийкарында

ажыратылады.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги**